

13 janvyè

Menmjan Bondye te padone nou nan Kris la.

Efezyen 4. 32

Pisans pawòl Bondye a (1)

Se te yon jenn fi peyi Risi yo te rele Liuba, yo te mete l nan prizon poutèt li te touye yon moun. Lè l vin gen sida, li te panse lavi li pa gen okenn sans ankò. Nan mitan soufrans li, li t ap prepare pou touye tèt li lè lide pou rele syèl la yon dènye fwa vini nan tèt li. Yo te ba li yon Bib e li te di Bondye : “Si ou renmen m toujou, apre tout sa m fin fè la, reponn mwen”.

Liuba te louvri Bib la, premye pasaj la di : “Se pa moun jis mwen vin rele repanti, men, se pechè” (Matye 9. 13). Manm Liuba “te kraze”. Dezyèm pasaj la deklare : Senyè a di konsa : Nou mèt vini atò ! Vini non, Ann regle koze a ! Menm si peche nou yo ta tache, wouj kou san sou tout kò nou, m ap lave nou. M ap fè nou blan kou koton (Ezayi 1. 18). Twazyèm pasaj la te pale de malfektè yo te krisifye a kote Jezi a : “Pou nou menm se jistis ! Vrèmanvre, nou resevwa sa zak nou yo merite. Men, li menm, li pa fè anyen ki mal. Epi, li di Jezi : Senyè, lè ou vini nan wayòm ou an, sonje m. Jezi di li : Franchman, m ap di ou sa : Jodi a, w ap avèk mwen nan paradi !” (Lik 23. 41-43).

Apre pawòl Bondye a fin kraze manm li, epi lanmou Bondye boulvèse l, Liuba te konvèti menm jou sa. Li vin tounen temwen Kris nan prizon an menm. Enfliyans li te vin fè kote ki si tèrib sa vin transfòme piti piti : yo pa tandè ankò moun k ap joure ak raj, pa t gen goumen ant malfektè yo ankò. Kèk fwa, menm medam ki nan prizon yo t ap chante kèk kantik.

13 janvier

Dieu aussi, en Christ, vous a pardonné.

Éphésiens 4. 32

Puissance de la Parole de Dieu (1)

Liuba était une jeune femme russe, emprisonnée à vie pour meurtre. Atteinte du sida, elle pensait que son existence n'avait plus de sens. Au comble de la détresse, elle se préparait au suicide quand il lui vint à l'esprit de lancer un dernier appel au ciel. On lui avait procuré une Bible et elle a dit à Dieu : "Si tu m'aimes encore, après tout ce que j'ai fait, réponds-moi !".

Liuba a ouvert la Bible : "Je ne suis pas venu appeler des justes, mais des pécheurs" (Matthieu 9. 13) disait le premier texte, "foudroyant" Liuba. "Venez, et plaidons ensemble, dit l'Éternel : Si vos péchés sont comme le cramoisi, ils deviendront blancs comme la neige" (Ésaïe 1. 18), confirmait le second. Le troisième texte parlait du malfaiteur crucifié à côté de Jésus : "Pour nous, nous y sommes justement, car nous recevons ce que méritent les actes que nous avons commis ; mais celui-ci n'a rien fait qui ne doive pas se faire. Et il disait à Jésus : Souviens-toi de moi, Seigneur, quand tu viendras dans ton royaume. Jésus lui dit : En vérité, je te dis : Aujourd'hui tu seras avec moi dans le paradis" (Luc 23. 41-43).

Terrassée par la Parole de Dieu, bouleversée par son amour, Liuba s'est convertie ce jour-là. Elle est devenue témoin du Christ à l'intérieur même de sa prison. Sous son influence, ce lieu sinistre s'est progressivement transformé : on n'entendait plus de vociférations sauvages, il n'y avait plus de bagarres entre criminelles. Parfois même, les prisonnières chantaient des cantiques.